





Fich Teknik SRI pou Ayiti

Par Erika Styger (eds8@cornell.edu) et Joelibarison, 2016

	
<p>1. Angrè Natirèl : Se Matyè Organik Ki Fè Tè-a Vin Gra</p> <ul style="list-style-type: none">➤ Mete fimye ou konpòs byen dekonpoze, jiska 15 sak (sak diri 100 kg) pou chak talè tè.➤ Fimye sa-a mèt move zèb ki grandi sou plas, kaka zannimo, oubyen pay diri menm ki te gen tan pouri.➤ Gaye fimye-a byen avan ou labore tè-a.➤ Si nou pa mete angrè natirèl, chak ane tè nou pwal vin pi pòv.	<p>2. Labouraj Ak Nivlaj</p> <ul style="list-style-type: none">➤ Ou mèt fè labouraj ak wou, ak bèf, oubyen ak traktè.➤ Apre sa nivle tè-a byen pla.➤ Lè labou-a byen mou tè-a prèt pou repike plan diri yo.
	
<p>3. Kanal Senti Oubyen Rigòl</p> <ul style="list-style-type: none">➤ Fouye yon ti kanal toutotou chak ti lagon. Si lagon-an gran, fouye yon kanal a travè-l chak 10 mèt konsa.➤ Fè dlo irigasyon koule nan kanal yo avan-l koule nan rès pasèl la.➤ Konsa nou kapab kontrole nivo dlo-a pi byen.	<p>4. Kote Pou Fè Pepinyè</p> <ul style="list-style-type: none">➤ Prepare pepinyè-a tou pre kote nou konte transplante diri-a epi toupre yon sous dlo.➤ Konsa yo pap pase twòp mizè avan nou transplante yo.



5. Preparasyon Pepinyè-a

- Yon platbann ki genyen 1 mètr lajè e 8 mètr longè kapab pwodwi ase plant pou plante diri nan yon talè tè avèk sistèm SRI.
- Kraze tout ti boul tè epi melanje avèk fimye.
- Fè pepinyè-a 12 a 15 santimèt wotè. Sa pèmèt nou kapab fouye pye diri fasil san koupe ti rasin yo.



6. Preparasyon Semans

- Vannen diri-a pou retire tout pay. Ak sistèm SRI, 2 gode kont pou plante yon talè diri.
- Vide diri-a nan dlo epi retire tout grenn ki monte anwo dlo. Yo pwal bay ti plan kokobe sèlman.
- Tranpe semans lan nan dlo tyèd pandan 24 rè de tan.
- Drenen dlo-a, epi si tan an cho nou mètr simen-l tou swit. Si tan an frèt, mete semans lan nan yon kote cho pandan 24 rè de tan anvan ou simen-l.



7. Simen Pepinyè-a

- Wouze platbann byen wouze anvan nou simen-l.
- Divize semans lan nan twa pati. Simen yon mwaye platbann ak yon pati semans lan epi simen lòt mwaye avèk dezyèm pati. Simen twazyèm pati semans tout kote gen ti vid san semans.
- Kouvri semans lan avèk yon ti kouch fimye epi kouvri platbann nan avèk pay pou solèy la pa bat li twòp.



8. Pran Swen Pepinyè-a

- Wouze semans lan chak maten oubyen pi souvan si nesesè.
- Si gen grenn ki pa byen kouvri, ajoute yon ti tè sou yo.
- Tcheke-l aprè 2 jou epi retire pay la lè ou wè tij vèt yo parèt.



9. Retire Plan Diri Nan Pepinyè-a

- Transplante pye diri ki gen 2 fèy tou grandi (apeprè 8-12 jou aprè nou tranpe yo).
- Wouze pepinyè-a byen wouze.
- Pran yon pèl epi leve ti plan diri ansanm avek tè ki kole nan rasin yo.
- Mete plan yo avèk tout tè-a nan yon kivèt oubyen sou yon moso planch.
- Apre nou fouye yo, pa kite yo mize plis pase 15 a 30 minit avan nou repike yo.



10. Make Liny Pou Plante Pye Diri Yo

- Labou-a bezwen byen epè e kole.
- Make liy kote napwal plante ti pye yo avèk :
 - **Yon fisèl** ki gen ne chak 25 santimèt. Lè nou itilize sistèm sa-a nou fè bak pandan nap travay.
 - **Oubyen yon rato** ak dan chak 25 santimèt ki trase liy nan labou-a. Ak sistèm sa-a se vanse nou vanse pandan nap plante.
- Fè sèten liy yo mache nan 2 sans dekwa pou nou kapab fè machin sekle mache nan 2 sans tou.



11. Repike Plan Diri Yo

- Repike ti plan yo avèk anpil swen.
- Retire chak pye avèk tè ki kole na rasin li epi ti grenn diri tou kole nan pye-a.
- Glise chak pye nan pozisyon li avèk ti rasin li trenen dèyè nan labou.
- Rasin yo tadwe rete nan fòm lèt « L » pa nan fòm lèt « J ».
- Fè plan yo antre 1 jiska 2 santimèt nan labou.



12. Pran Swen Lagon-an Pandan 2 Sèmèn Apre Repikaj La

- Apre repikaj, bay plan yo kont dlo pou yo byen etabli.
- Fè dlo koule nan ti kanal senti alantou, men pa fè-l kanpe twò fon nan lagon-an.
- Replante tout plan ki mouri.



13. Sakle Zèb

- Itilize machin sakle-a 15 a 20 jou apre repikaj lè plan yo deja pran.
- Sakle chak 7 a 15 jou apre sa selon jan nou wè zèb yo grandi. Pou pi bon nou ta dwe sakle 3 ou 4 fwa pandan sezon-an.
- Pa kite move zèb yo vin pi gran pase 3-4 santimèt.
- Yon ti dlo ta dwe kouvri tè-a pandan nap sakle.
- Zèb toukole avèk pye diri yo pwal merite rache avèk men.
- Pa drenen dlo apre saklaj dekwa pou nou pa pèdi eleman ki genyen nan dlo-a.
- Sakle nan 2 sans si posib.

14. Irrigation

- Pandan 2 sèmèn apre repikaj, tè-a tadwe rete mouye.
- Apre sa nou pwal kite tè-a seche jiskaske li kòmanse fann avan nou ba li 2-3 sandimèt dlo ankò.
- Irigasyon-an pap gen yon orè fiks. Sa pwal depann sou kalite tè avèk klima-a.
- Lè grap diri yo komanse soti, ba-l dlo nan yon pwofondè 2 a 3 santimèt san kite-l sèch ankò.
- 3 a 4 sèmèn avan li mi, drenen tè-a jiskaske nou rekòlte.

15. Angrè Natirèl e Angrè Chimik

- Se sèlman fimye avèk lòt matyè òganik ki kapab vrèman bay tè-a sante.
- Lè nou sekle tè-a li kapab mobilize eleman plan yo bezwen pou yo grandi.
- Si nou pa mete ase fimye, se byen posib nou kapab bezwen simen angrè chimik.
- Se pibon simen angrè jis avan nou sekle dekwa pou-l antre touswit nan tè-a.

Mezi ki enpotan:

- Kantite semans nesèsè pou 1 talè tè se apeprè 2 liv oubyen 2 gode.
- Fòs platbann ki nesèsè pou plante 1 talè tè se 1mèt pa 8 mè.
- Gaye jiska 15 sak fimye pou chak talè tè
- 1 talè = 1/12 ekta, 1 kawo = 1.29 ekta